УДК: 821.51

# Г.ЕСЕМУРАТОВА ГҮРРИҢЛЕРИНДЕ ДӘЎИР ШЫНЛЫҒЫНЫҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ

**Ктайбекова Зулфия Кенгесбаевна –** *филология илимлери бойынша философия докторы, доцент*
ktaybekova77@mail.ru
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

# ИЗОБРАЖЕНИЕ РЕАЛЬНОСТИ ВРЕМЕНИ В РАССКАЗАХ Г.ЕСЕМУРАТОВОЙ

**Ктайбекова Зульфия Кенгесбаевна –** *доктор философии по филологическим наукам, доцент*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# THE REPRESENTATION OF THE REALITY OF THE TIME IN G.ESEMURATOVA'S STORIES

**Ktaybekova Zulfiya Kengesbaevna –** *Doctor of Philosophy in Philological Sciences, Associate Professor*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Таянч сўзлар:** ҳикоя, сюжет, образ, маҳорат, ғоя, уруш мавзуси, глобал муаммо, давр воқелиги, миллий қадрият.

**Резюме.** Мақолада таниқли ёзувчи Г.Есемуратова ҳикояларининг ғоявий-тематик йўналишлари, уруш даврининг оғир оқибатлари, инсонлар тақдирида аянчли из қолдириши таҳлил қилинган. Тадқиқот объекти сифатида ёзувчининг «Ярадор жангчи», «Эгасига қайтарилган рўмолча», «Фақат соғинч», «Устознинг сири», «Армонли шайтон арава», «Тухум бўрак ва кампир» номли ҳикоялари танланган. Ҳикояларда давр ҳақиқати, урушнинг халқ тақдиридаги оғир йўқотишлар, одамлар қалбида қолдирган оғир жароҳатлар мисоллар орқали таҳлил этилган.

**Ключевые слова:** рассказ, сюжет, образ, мастерство, идея, тема войны, глобальная проблема, реальность эпохи, национальная ценность.

**Резюме.** В статье анализируются идейно-тематические направления рассказов известной писательницы Г.Есемуратовой, тяжелые последствия войны и трагический отпечаток, который она оставила на судьбе людей. Объектами исследования стали рассказы писательницы «Раненый воин», «Платок, возвращенный владелице», «Только тоска», «Секрет учителя», «Тележка мечтательного дьявола», «Яичная мука и старуха». Рассказы анализируют реалии времени, тяжелые потери войны в судьбе людей и тяжелые раны, которые она оставила в сердцах людей, на примерах.

**Key words:** story, plot, image, skill, idea, war theme, global problem, reality of the time, national value.

**Summary.** The article analyzes the ideological and thematic directions of the stories of the famous writer G.Esemuratova, the heavy consequences of the war, and the tragic imprint they left on the fate of people. The objects of the study were the writer's stories "Wounded Warrior", "Handkerchief Returned to its Owner", "Only Longing", "The Secret of the Teacher", "Dreamy Devil Cart", "Egg Flour and the Old Woman". The stories analyze the truth of the times, the heavy losses of the war in the fate of the people, and the heavy wounds it left in the hearts of people through examples.

**Кирисиў.** Урыс елимизге, халқымыз тәғдирине ҳәм миллий қәдириятларымызға өз зыянын тийгизди. Көпшилик азаматлар Ўатанымызды көз қарашығындай қорғаў ушын жанын пидә етип, айырымларының қәлбинде мәңги аўыр дақ қалдырды. Халықтың кыйын аўҳалы, ашаршылық барлық жазыўшы – шайырларымыз шығармаларында өз көринисин тапты.

Қарақалпақстан халық жазыўшысы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанға мийнети сиңген мәдений хызметкери, талантлы жазыўшы Гүлайша Есемуратова қарақалпақ әдебиятында өзиниң көплеген прозалық шығармалары менен халыққа кеңнен танылған тулғалардан саналады. Оның қәлеминен дөреген шығармаларында өмир туўралы толғаныслары, дәўир шынлығы, инсанлар тәғдириндеги ажыралыслар, миллий үрп-әдет, дәстүрлеримиз, адамларға ибрат болатуғын ҳәдийселер мазмунлы түрде сәўлеленген. Әсиресе, екинши жәҳән урысының трагедиялық ақыбетлерин сүўретлеўге арналған қатарына «Жаралы жаўынгер», «Ийесине қайтарылған қол шаршы», «Тек сағыныш», «Устаздың сыры», «Әрманлы шайтан арба», Мәйек бөрек ҳәм кемпир» атлы бир қатар гүрриңлери халқымыздың жүрек төринен кең орын алған.

**Әдебиятлар анализи ҳәм методология.** Бүгинги күнде қарақалпақ әдебияттаныўында Г.Есемуратованың шығармаларының идеялық-тематикалық бағдарлары, образ жаратыўдағы стильлик изленислери [1], жазыўшының тема таңлаўдағы шеберлиги [2:3], сюжетлик, композициялық изленислери [4:5], гүрриңлериниң көркемлик өзгешеликлери [6] ҳаққында бир қатар илимий мақалалар, монографиялар жәрияланды. Атап айтқанда, илимпаз П.Нуржанов, Г.Есемуратованың дөретиўшилигиниң өзгешелиги ҳаққында былай жазады: «Гүлайша Есемуратова өзиниң терең мазмунлы, жоқары көркемлик сапаға ийе, тәкирарланбас ҳәм бийбаҳа шығармалары менен ХХ әсирдиң екинши ярымындағы қарақалпақ прозасы менен көркем публицистикасының раўажланыўында үлкен үлес қосты» [1:232]. Ал, «Жийрен» повестин дөретиўдеги жазыўшының шеберлиги ҳаққында илимпаз З.Бекбергенова төмендегиши пикир билдиреди: «Екинши жер жүзлик урыс жылларындағы елимиз басына түскен қайғыны ҳәм аўыр жоғалтыўларды халқымыздың миллий өзгешеликлери тийкарында ашып бериўге ериседи» [3:62].

Изертлеўдиң жүзеге келиўинде көркем-эстетикалық, структуралық анализ методларынан пайдаланылды.

**Талқылаўлар ҳәм нәтийжелер.** «Жаралы жаўынгер» гүрриңинде болса урысқа қатнасқан еки қаҳарманның ҳәрекетлери салыстырмалы түрде сүўретленеди. Отыз жылдан берли бирге ислескен

кәсиплеслер Нәдир ағаның урыс жаўынгери екенлигин, көйлеги қақ айрылып, жаўырнындағы шилпәрше тыртық ҳәм шеп қолы оң қолына қарағанда семик екенлигин көргенде ғана биледи. Урысқа қатнасқанын минлет қылып, жазған шығармасының тез арада баспада жәрияланбағанына тақатсызланып келген автор Нәдир аға менен жағаласыўға шекем барады.

Нәдир аға Красная Лоза да саўашта бир мүшесинен айырылып, жети ай госпиталда жатып, урысқа жарамсыз болып, елге қайтады. Үйине қуўанып келген Нәдир таныс емес кемпир менен ғаррыны көрип ҳайран болады. Көкнарды езип ишип отырған ғаррының унамсыз минез-қулқы төмендеги диалог арқалы белгили болады:

« – Ата, бул жерде бурын Турым деген адам туратуғын еди. Олардың қайда кеткенин билмейсиз бе?

– Бурын бул жайда Турым турса, енди, биз турамыз. Ол өлди!

– Бала шағалары ше?

– Олар да өлди.

– Иниси болатуғын еди, ол қайда екен?

– Ҳәй бала, неге мыжый бересең. Сүзек кеселинен бәри қырылып қалды, дедим ғой. Қулағың гереӊ бе? Нәшени де бир пул қылдың, тур, кет, – деп, терис бурылып, кесесин баўрына алып, тағы мыжый берди» [7:210].

Өзиниң туўылып өскен үйинде мынадай «мақлуқлардың» мәкан басқанын көриў, әлбетте, жаралы жаўынгерге аңсат болмайды. Еки шелекти толтырып ийни ағаш пенен суў алып киятырған жас келиншек Нәдир аға менен хабарласып, бул жайдың ийесиниң дүньядан өткенлигин, бала-шағасы аўылына, ағайинлерине көшип кеткенин еситкен жигит қатты гүрсинип, жылап жибереди.

Усы ўақыяларды еске түсирген Нәдир аға авторға: «Мә, таяғыңды ал да, жолыңды тап, шығармаңды дүзетип әкел, – деп Нәдир аға автордың таяғын әсте ғана қолына услатты» [7:213].

Гүрриң мазмунынан көрип турғанымыздай, урысқа қатнасып, дене жарақатын алып келген Нәдир ағаның елине келип, ата-анасы, туўысқанларын өз үйинен таппай, қыйналыўы, әкесиниң аўырып, қайтыс болғанын еситип жүрегиниң жарақатланыўы, гүрриңдеги және бир екинши персонаж болса урысқа барғанлығын бет перде етип, исин аңсат питкериўге урынған нәмәрт адамның образы контраст тәризде сүўретленеди. Әлбетте, урыстың аўыр ақыбети адамлардың тәғдирине өз тәсирин тийгизбей қалмады. Солай етип, гүрриңдеги айырым қаҳарманлар ислеген қаҳарманлықларын мақтанбай-ақ, халық ушын, ўатан ушын гүрескен елимиздиң мәрт, батыр перзенти сыпатында көркем сәўпеленсе, базыларының нәмәртликлери, нәкас ислери сынға алынады. Автор биринши қаҳарман – Нәдир аға образы арқалы жетик инсан образын сүўретлеп берген болса, екинши адамның образы арқалы адамгершиликтен журдай болған ис-ҳәрекетлерин салыстырып сәўлелендирген.

Жазыўшының «Тек сағыныш» гүрриңинде урыс себеплы жүзине тыртық түскен жигиттиң сүйген қызы Мәрзияны көргенде ишки сағынышын айта алмаған мәўритлери сәўлеленген. Ўақыя гүз айларында үлкен жолдағы аптека қасында жүз береди. Сүйген қызын көрген жигит асығыслық пенен тротуар ақырындағы аптекаға изинен кирмекши болып умтылғанда, аптека есигиниң айнасынан шеп көзиниң үстиндеги немецлердиң оғынан ойылған тыртықты көрип, ишки сағынышларын айта алмай тоқтап қалады. Гүрриң жуўмағында «Ендиги жаслардың жүзине мин түспегей» деп жуўмақланады [7:154].

Гүрриң арқалы урыстың трагедиялық ақыбетиниң жаслардың кеўлинде мәңги дақ қалдырғаны турмыслық ўақыялар арқалы ашып берилген.

«Ийесине қайтарылған қол шаршы» гүрриңинде де жаслардың мектеп питкериўден урысқа атланыўы, урыстан майып болып келген Жийенбайдың жақсы көрген қызы Нейланың танымай қалыўы, урыс ўақтында жиберилген тоқылған қол шаршының ийесине қайтарылыўы т.б. шым-шытырық ўақыялар сәўлеленеди.

10-классты питкерген жаслардың көпшилиги урысқа кетеди. Жийенбай да бирге оқыған классласы Нейла менен хошласып, Белоруссияны фашистлерден азат етиў ушын саўашқа атланады. Шеп қол менен шеп аяғынан майрылған Жийенбай Нейланы көриўге асығып келген ўақта, ол бир жигит пенен әңгимелесип отырып, тартысып қалады.

« – Кет, кет! Мен сени танымайман! Айттым-ғо, кет деп, жолыңды тап! Не көп, майып көп! – деген ашшы шаўқым есине келтиреди» [7:157].

Бундай ўақыяның гүўасы боламан деп ойламаған Жийенбай еки жыл емленип, майып шеп қолын ислетип, елге қайтады ҳәм жоқары оқыў орнын питкерип, мектепте муғаллим болып ислейды. Гейде-гейде өткен ўақыяны еслеп, «Мен Нейланы неге айыплайман! Оның менен муҳаббат ҳаққында әңгиме болған емес-ғо!» деп өзиниң наданлығына өкинеды. Бир күнлери Жийенбайды излеп келген Нейлаға қол орамалын қайтарып берип, сүйген қызы Жулдызды сыртынан таныстырады.

Гүрриң ўақыялары арқалы урыс себепли инсанлар тәғдириндеги жүз берген қыйыншылықлар, оны мәрдана жеңип өткен Жийенбайдың ҳәрекетлери көркем түрде сәўлеленген.

Г.Есемуратованың «Устаздың сыры» гүрриңинде урыс майданында Гомель қаласын душпанлардан тазартыў ўақтында танысқан жолдасы Сергей Васильевич Гуварев менен танысыўы, оның жарадар болып қалыўы, өзиниң де күтилмеген де Гуваревтың жанында басы таңылып ҳеш тилге ... келмей жатыўы, госпитальдағы жарадарлардың аянышлы ыңырсып, жаўды нәлетлеген бақырыслары көз алдына елеслеп, устазын көриўге асыққан қарақалпақ жигити Елмураттың Ленинградқа барыўы, устазы менен сәўбети ҳаққындағы ўақыялар мазмунлы түрде сәўлеленген. Елмурат рус тилин билмеген Азиялы, 17 жасар жигитке китапты қайта-қайта жүритип оқытыў арқалы тилин жатлықтырып, рус тилин үйренип алады. Екеўи ушырасқанда «Астория» ресторанында көп отыра алмайтуғынын, саат он бирлерге шекем отыратуғынын айтып, кеширим сорайды. Буған ҳайран қалған Елмуратқа өзиниң кишкене сырын ашады.

Урыстан алдын жақсы жолдас таўып қосылғанын, аты бар жумыста ислеп, қәте жоллардан жүрип, ажырасқанлығын айтады. Урыста жеңиске ерискениннен кейин Ленинградта оқыў питкерип,

кандидатлық диссертация ислеп жүргенде, биреўди унатып, үйленгенин сөз етеди. Бирақ, олар бийперзент болады. Бир күни үйине он еки жасар ҳәм бир жасар шамасындағы таныс емес еки бала келип, «анам мына хатты берип жиберип еди», – деп бир конверт усынды. Хатта:

– Сергей мына еки баланың әкеси урыс салған жарадан қазаланды. Енди буларды тәрбиялап шығаратуғын менде дәрамат та, мүмкиншилик те қалмады. Ендиги үмитим сен. Маған жәрдем бер! Усы балаларыма ғамқорлық етип, Ленинградтағы балалар үйине орналастырып ҳәм кәсип үйрететуғын оқыўға киргизсең жақсы болар еди..., – депти [7:296]. Хат бурынғы ажырасқан ҳаялынан келген еди. Кейинги ҳаялы барлық ўақыяны еситкен соң, буларды бала қылып алыўды уйғарады. Өмирлик жолдасының мәрт, нағыз ана болыўы арқасында еки уллы болған Сергей келиншегине: «егер усы Ленинградта болсаң мениң ушын кешки саат он бирге шекем үйде болыўға серт айтыўдан басқа илажы қалмады», – дейди [7:296]. Буны еситкен шәкирти Елмурат тек устазының өзи емес, келиншегиниң нағыз қаҳарман екенлигин жасларға айтып, үлги етиўди өтиниш етеди.

Гүрриң арқалы турмысымызда айырым адамлардың улыўма инсанийлық, адамгершиликли пазыйлетлериниң үлги болыўын, дослыққа садықлық шаңарақтағы беккем татыўлық, устаз-шакирт арасындағы үлкен сыйласық бәри-бәри гүрриң қаҳарманларының еске түсириўлери, өтмиши, хат усылынан пайдаланыў арқалы шеберлик пенен ашып бериледи.

«Әрманлы шайтан арба» гүрриңи Екинши жер жүзлик урыста майып болып елге келген жигитлердиң басынан өткен қайғылы әңгимелеринен Жеңистиң 72 жыллығына арнап жазылған [8:151-152]. Гүрриңде урыс майданында басы жарылып, аяғынан айырылған жигит Жаббардың аянышлы тәғдири сөз етиледи. Жаслығында «шайтан арба» әкелип бер деп, әке-шешесиниң мийин жеп, бийдайдың писиўине де қаратпай, ешкисин саттырып, «шайтан арба» алдырған Жаббардың еске түсириўлери бериледи.

Балалығы басым Жаббар урысқа атланарында да апасына өзи келгенше «шайтан арба»сын ҳешким айдамаўын зинҳарлап тапсырып кетеди. Апасына тапсырып кеткен «шайтан арбасы»сын айдаў әрманға айланған Жаббар урыста аяғынан айрылады.

Екинши жәҳән урысы көпшилик адамлардың жаслығын, балалығын урлап, инсанлар қәлбин жарақатлап, олардың жүрегине аўыр жара, өшпес из қалдырғанлығы бәршеге мәлим. Урыста жарақатланған, кеўли ярым адамлар, өзиниң ата-анасынан, туўған-туўысқанынан айырылған инсанлардиң кеўлиндеги жарақатлар мәңги өшпес из болып қалады. Автор ҳәр бир дәўирдиң әҳмийетли мәселелерин көркемлик пенен сәўлелендириўге, әсиресе, урыс дәўириндеги халықтың турмысын жанлы сүўретлеўде өзине тән айырықша стильге ийе жазыўшы екенлигин көрсетти.

«Мәйек бөрек ҳәм кемпир» гүрриңинде екинши жәҳән урысынан кейинги жыллары жүз берген ўақыялар Серениң тәғдири арқалы сөз етиледи. Күйеўи Москва қаласына оқыўға кеткен соң, қайнағасы менен абысынына жүк болмаў мақсетинде Нөкиске баспана излеп кеткен Сере бир кемпирдиң кишкене жайының ишин тазалап, сол жерге жайласады. Лекин печи болмағаны себепли кемпир менен бир күн үйде турыўға келиседи. Екинши күни 30 манат айлығы бар бир мекемеге еден жуўыўшы болып жумысқа киреди. Үйине келсе кемпир үйинде жоқ, баласы тоңып, сыртта ойнап жүргенин көреди. Жылыныў ушын бир үйге киргенде мәйек бөрекке таласқан ерли-зайыплыны көреди ҳәм ушып түскен бир бөректи баласына алып береди. Бул ҳаял Сере менен танысып, өзиниң печь соғатуғын инисине алып барады. 30 манатқа печти алыўға келисип қайтады [8:173]. Ақлығы аўырып, қызының үйине қыдырып кеткен кемпир, Серени көрип қуўанып қалады ҳәм аўызбиршиликли түрде бирге жасайды.

Гүрриң сюжетинде урыстан соңғы жылардағы халықтың ашаршылық турмысы жақын ағайинге қарағанда, бийтаныс адамлардың меҳрибанлық көрсетиўи, ашлықта жеген мәйек бөрегиниң таңлайында татығаны т.б. ўақыялар қызықлы түрде сүўретленген. Автор гүрриң арқалы ҳәр қандай нәрсеге қанаат етип жасаў кереклигин, ҳадал мийнет арқасында басына бахыт қусы қонғанлығын түсиндиреди.

**Жуўмақ.** Жуўмақлап айтқанда, жазыўшы Г.Есемуратова қарақалпақ әдебиятында гүрриң дөретиўдиң жетик шебери. Оның гүрриңлеринде пүткил дүньялық, глобал машқала есапланған урыстың аўыр ақыбетлери, Екинши жәҳән урысы дәўириниң ашшы ҳақыйқатлықлары халқымыз турмысы мысалында өз көринисин тапқан. Жазыўшының гүрриңлери оқыған ҳәр бир адамды терең ойға талдырады ҳәм эмоциональ тәсиршеңлиги менен өзине тартады, сондай-ақ, шығармалары көркем әдебиятта жас әўладты тәрбиялаў дереги сыпатында үйрениледи.

**Әдебиятлар**

1. Нуржанов. П. Дәўир шынлығына садық жазыўшы. Нуржанов П. Әдебият ҳаққында ойлар. – Нөкис: «Билим», 2023.

2. Бекбергенова З. Көркем киши жанырдың үлкен мүмкиншиликлери. // «Муғаллим ҳәм үзликсиз билимлендириў», – Нөкис: 2007, 22-27-б.

3. Бекбергенова З. Жазыўшы ҳәм шеберлик. Монография. – Нөкис: «Билим», 2020.

4. Турымбетов Б. Г. Есемуратова шығармаларында сюжет таңлаў өзгешеликлери. // Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң Хабаршысы, 2022, №1(55), 260-264-б.

5. Турымбетов Б. Гүлайша Есемуратова шығармаларында композициялық шеберлик. // Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлиминиң Хабаршысы, 2022, №2(55), 210-215-б.

6. Ktaybekova Z. Ǵárezsizlik dáwiri qaraqalpaq gúrrińleriniń poetikası. Monografiya. – Nókis: NMPI baspası, 2025.

7. Есемуратова Г. Таңламалы шығармалары. – Нөкис: «Билим», 1997.

8. Есемуратова Г. Шығармалары. V том. – Нөкис: «Илим», 2018.